

: tsjetsjensk
Informasjon til asylsøkere i Norge

NOAS

# НОРВЕГЕРЧУ

## МУХ1АЖАРШНА ИНФОРМАЦИ

Х1ара брошюра кечйина Норвегин Мух1ажаршна леринчу Организацис (NOAS/НМО).
NOAS/НМО иза 1едалах йозуш йоцу адамийн бакъонаш ларъяран организаци ю.

Цо мух1ажаршна г1о до ца хуург дийцарна т1ехь а, юридически хаттаршна а т1ехь. Кху брошюра т1ехь Норвеге баьхкинчу мух1ажаршна хаа оьшучух коьртаниг ду.

**КХУ Т1ЕХЬ ДУ:**

- Хьенан ю бакъо ша т1елацийта?
- Хьенан ю бакъо кхузахь виса гуманитарни бахьана долуш?
- Стеган т1елацаран дехаре муьлхачу пачхьалкхехь хьовсу?
- Норвегехь хьан т1елацаран дехаре хьожург мила ву?
- Х1ун хуьлу ахь хьуо 1алашвардехча?
- Интервьюхь оьшуш долу ладаме хьехарш.
- Мух1ажар волчу хьан бакъонаш а, декхарш а.
- Ахь дийцинарг гIарадаккха бакъо ца хилар.

## 1. ХЬЕНАН Ю БАКЪО ША Т1ЕЛАЦИЙТА?

Хьан бакъо ю хьуо т1елацийта нагахь санна хьайн даймахка юхавахча хьо вуьйр волуш, 1азапе вожор волуш я кхечу аг1ор хьуна г1ело йийр йолуш кхерам белахь. Нагахь санна хьан даймахкахь долу 1едал хьо 1алашван ницкъ а, аьтто а болуш делахь, я хьайн махкахь 1алашвала хьан меттиг (кхин г1ала я к1ошт) елахь, дукхачу хьолахь Норвегехь хьо т1е ца лоцу.

Норвегис куьг яздинчу дуьненаюкъарчу барт барехь аьлла ду ша т1елацийта хьенан бакъо ю.

## 2. ХЬЕНАН Ю БАКЪО КХУЗАХЬ ВИСА ГУМАНИТАРНИ БАЬХЬАНА ДОЛУШ?

Нагахь 1алашваран дехарна жоп ца лахь 1едало хьан Норвегица йолчу (нагахь елахь) шатайпачу з1енан, я хьох бинчу къинхетаман буха т1ехь хьуна 1ен-ваха бакъо яларан г1уллакх толлу. Цунах гуманитарни бахьана долуш 1ен-ваха бакъо ялар олу. И тайпа бакъо хила хьоьгахь паспорт хила деза.

Нагахь санна ахь паспорт 1едале д1а ца деллехь хьан дехарна жоп ца даларна, я к1еззиг таронаш йолуш бакъо ло, амма цуьнца гуттар 1ен -ваха бакъо ца хуьл, я доьзалц вовшахкхета а.

## 3. СТЕГАН Т1ЕЛАЦАРАН ДЕХАРЕ МУЬЛХАЧУ ПАЧХЬАЛКХЕХЬ ХЬОВСУ?

Ша 1алашвар доьхучу массо а мух1ажарийн дехаршка ца хьовсу Норвегехь. Дублинан барт иза Европерчу пачхьалкхаша вовшашца бина барт бу мух1ажаран дехаре царах цхьана пачхьалкхехь бен хьовсур дац аьлла.

Дублинан барта юкъабог1учу махкахь хьан дехаре хьовсур ду нагахь цу махкахь хьо:

- п1елган лар яьккхина велахь
- ларвар дехар дина мух1ажар велахь
- 1ен-ваха я махка чу ван бакъо (виза) елахь
- цу махкахь хьан доьзал белахь

Шина баттера эха шаре кхаччалц хан оьшу норвегерчу 1едална хьан г1уллакх талла а, хьо кхечу махка д1аваларан сацам бан а.

Цунах лаьцна хьайна дукхох хаа лаьахь Дублинан бартах лаьцна NOAS/НМО-с зорбатоьхна леррина брошюра еха йиш ю хьан.

## 4. НОРВЕГЕХЬ ХЬАН Т1ЕЛАЦАРАН ДЕХАРЕ ХЬОЖУРГ МИЛА ВУ?

(Арахьарчу г1уллакхийн министерство)" Мехкабоцучеран директорат ( Директорат по делам иностранцев) (UDI) Норвегерчу 1едалан цхьа дакъа ду. Цигахь хьоьгара интервью а оьций сацам бо хьуна кхузахь 1ен-ваха бакъо яларан хьокъехь. UDI-с х1ора дехар ша-ша къастош леррина толлу.



## 5. Х1УН ХУЬЛУ АХЬ ХЬУО 1АЛАШВАР ДЕХЧА?

**Полицехь мух1ажар санна д1аязло хьо**

Полицино хьан сурт а доккхий, хьан п1елгаш т1ера лараш оьцу. Цара хьоьга хьо мила ву а хотта, хьо Норвеге схьавеан некъ а хотта. UDI-с ккузахь 1алашвар х1унда доьху а дуьйцуьйтуш хеттарш до. Хьайца хьо мила ву дуьйцуш тоьшаллин кехаташ делахь ахь уьша д1адала деза цаьрга.

**Мух1ажарийн туьпа (асилмуттак) д1авуьгу хьо**

Д1аязвеллачул т1аьхьа хьо х1инцца схьакхаьчнарш т1еоьцучу туьпа д1авуьгар ву.. Кхузахь масех де доккхур ахь, цул т1аьхьа транзитни я мух1ажарийн туьпа д1аваххалц. Хьайн бакъонех а декхарех а льацна дукхох хуур ду хьуна мух1ажарийн туьпахь болчу белхалошкара.

**Йовхарийн цамгар (туберкулёз) юй хьа хьовсур бу хьуна**

Хьо хьалхарчу туьпа кхаьчна масех де далале йовхарийн цамгар юй хьа хьовсур бу . Иза массарна бан безаш таллам бу. Нагахь санна могашаллийца орца оьшуш, боккъал а сингаттам болуш хьо велахь, лоьрашка иза д1ахаийта деза ахь.

**NOAS/НМО-ра информаци а, куьйгалла а кхочур ду хьуна**

Хьо духхьарчу мух1ажарийн туьпа кхаьчначу халхарчу масех дийнахь NOAS/НМО-х льацна информаци кхочур ю хьоьга. NOAS/НМО 1едалах йозуш йоцу адамийн бакъонаш ларъяран цханакхетар (организаци) ю, Норвегехь т1елацар доьхучу мух1ажарийн бакъонаш ларъеш йолу. Дуьхххьарчу туьпахь NOAS/НМО-н г1уллакх мух1ажаршна информаци а, куьйгалла а д1акхачор ду. Информацин цхьа кинофильм а гур ю хьуна, NOAS/НМО-н цхьана белхалочуьнца къамел а дийра ду ахь. Къамелан 1алашо UDI-хь интервью яла хьо кечвар ю. Цу къамелах хьайн 1алашвар дехарах



долу массо а тайпа хеттарш далархьама ахь пайда эцар ладаме ду. Къамел хьо дика кхетачу маттахь хир ду. Нагахь санна Дублин бартан 1адаташца хьо кхечу Европан махка дехьа ваккха мегаш хьал делахь иза д1адийцар ладаме ду хьайна нийса некъ хьехийта. NOAS/НМО-н белхало ахь дийцинарг г1ара ца даккха ч1аг1о йина ву.

**UDI-хь интервью лур ю ахь**

Дехаран интервьюхь уггаре а ладаме аьтто бу айхьа 1алашвар х1унда доьху дийца. И интервью дукхачу хьолахь масех сохьтехь хуьлу. Чулацам боллуш, массо а аг1ор т1е тидам бохуьйтуш айхьа лайначух а дийца, нагахь даймахка юхаверза дезахь хьуо стенах кхоьру а дийца. Интервью д1ахьочу меттехь талмаж хир ву. Ахь дийцинарг г1ара ца даккха ч1аг1о йина а, я цхьаннгахьа узуш воцуш юккъара а ву талмаж. Нагахь аьллачух хьуо ца кхеташ меттиг елахь, интервью оьцушчуьнга сихонца хаам бан беза. Интервью чекхйолуш айхьа мел дийцинарг т1еч1аг1деш, язиначуна бухахь куьг та1ор ду ахь. Талмажо и д1аязадинарг хьуна д1адоьшур ду. Нагахь, язадиначунехьцхьаъ хийца лууш хьуо велахь, айхьа куьг та1адале хаам бан беза ахь.

**Мух1ажарийн юкъарчу туьпа д1аг1ура ву хьо UDI-ра жоп кхаччалц йолчу ханна цигахь собар дан.**

Туьпахь т1елацар маьхза ду. Нагахь хьайна лаьахь UDI-ра жоп кхаччалц йолчу ханна хьайна чохь 1ен х1усам лаца бакъо ю хьан. Амма экономин г1о сацор ду. Нагахь айхьа вахаран меттиг хуьйцуш хилахь, туьпахь хаам бан беза ахь хьайн адрес билгалдаккхийта. Адрес д1аяздар ладаме ду UDI-ра жоп хьох сихонца д1атоха.

**Керла информаци**

Нагахь хьан 1алашвар дехарх лаьцна а, цу дехарна ладаме а йолу керла информаци хилахь, UDI-га сихонца хаам бан декхарийлахь ву хьо. Хьалха иза айхьа х1унда ца дийцира хаийта а деза ахь. Туьпан белхалоша дуьйцур ду хьоьга ахь иза муха дан деза.

**UDI-ра жоьпе хьоьжу хьо**
UDI-с масех к1иранна т1ера цхьа шо т1ехдаллалц йолчу хенахь хьан дехар къастадо. Нагахь цу г1уллакхна ехо хан эшахь цуьнан бахьана UDI-на ахь дийцинарг мел бакъ ду талла хан эшар ду. Иштта цуьнан бахьана хила тарло UDI-с хьан даймахкахь долу хьал толлуш хиларна а, хьо санна UDI-ра жоьпе хьоьжуш рог1ехь лаьттарш дукха хиларна а.

## UDI-ра цхьа жоп кхочу хьоьга: 1ен-ваха бакъо луш я ца луш

**1ен-ваха бакъо ялар**
Нагахь санна 1ен-ваха бакъо лахь цхьана коммунехь саца олий хаам кхочу хьога. Цунах лаьцна хьуна алсам дуьйцур ду туьпахь.

**1ен-ваха бакъо ца ялар**
1ен-ваха бакъо ца луш жоп кхачахь арз дан бакъо ю хьан. Маьхза адвокат лур ву хьуна, дукхачу хьолехь пхеа сохьтанна. Цо г1о дийра ду хьуна арз яздан. Кхаа к1иранчу дан деза ахь арз. Хьан арз толлучу ханна Норвегехь саца бакъо ю хьан. Амма и бакъо йоцуш ю нагахь UDI-с хьан дехар бух боцуш ду бахахь.

**Кхечу махкахойн г1уллакхашна кхоьллина йолу комисси. Utlendingsnemnda (UNE)**
UNE-иза хьан арз толлуш йолу хьукмат ю. UNE-с хьо цхьанакхетаре кхайкха а мега, я иштта керла информаци хьоьгара еха а мега.

**Нагахь кхузахь 1ен-ваха пурба ца лахь хьайн даймахка юхаверза декхарийлахь ву хьо.**
Полицис билгаляькккхинчу а хена чохь, дукха хьолахь ши к1ира, хьайн махка юхаверза новкъа вала веза хьо. И ши к1ира д1адаьллачул т1аьхьа законехь Норвегехь 1ан  бакъо яц хьан.
Нагахь хьо т1ецаэцар т1ехьаре къаьстнехь, UNE-с хьуна  UDI-с делла жоп т1еч1аг1дахь хьан аьтто бу бертахь ц1аваха Дуьненаюкъарчу Миграцин Организацин (IOM) г1оьнца. Я полицис нуьцкъара ц1ехьа хьажор ву хьо.

**Бертахь IOM-ца юхаверзар**
Норвегин 1едало хьан аьттонна бакъо ло хьуна бертахь ц1аваха. Бертахь юхаверзар бохург ду ахь хьайн юханехьа бан безачу некъах лаьцна г1о доьху Норвегерчу бертахь юхаберзаран программе. Цу программи ц1е: Юхабоьлхучарна Лаамехь г1о деш йолу Программа Voluntary Assisted Return Programme (VARP) ю.

VARP иза UDI-на а, IOM-на юккъехь хьан юханехьа бан безачу некъан хьал дуьйцуш юкъарлла деш организаци ю. Хьо бертахь юхавирзича Норвегин 1едало йо хьуна некъан харж.

Норвегехь 1ен-ваха пурба доцучеран массеран а йиш ю бертахь юхавоьдуш г1о деха. Хьан 1алашваран я мух1ажаран дехар хьуна ца лахь Норвегехь билгаляьккхинчу ханна бен саца йиш яц хьан. Бертахь юхаверза айхьа сацам бинехь, хьайга пурба ца луш долу жоп кхаьчна дукха хан ялале IOM-е кехат яздан деза ахь. Нагахь хьан дехар хьуна луш хилахь IOM-организацис некъана тоьшаллин кехат а доккхуш билеташ оьцур ду хьуна. IOM-организацера г1о хилийта хьоьгахь лелаш долу паспорт я цхьа



кхин некъан кехат хила деза хьан махкарчу 1едало делла. Нагахь хьан лелаш долу некъан кехат дацахь IOM-организацис хьан мехкарчу векалийн хьукматехь (посольство) хьуна и кехат доккхуш г1о дийра ду. Хьуна лаьахь IOM-организацис иштта новкъахь а, юха хьо хьайн даймехка д1акхаьчча а накъосталла дийра ду хьуна.

Бертахь юхаверзарах лаьцна алсам информаци а, кехатан кеп юза г1о а хир ду хьуна хьо 1аш волчу мух1ажарийн туьпахь, я меттигерчу UDI-н а, IOM-организацин а хьукматашкахь.

**Бертаза юхаверзор**

Нагахь санна т1аьхьара духа тоьхча хьо ц1а ца верзахь, хьо нуьцкъалг1а махках воккхур ву полицис хьун елла йолу хан д1а ма яллинехь.

Нагахь хьуна кхачам боллуш 1ен-ваха пурба ца деллачул т1аьхьа хьо бертахь юха ца воьдуш билгаляккхина хан д1аяьлча хьо полицис нуьцкъала махках воккху. Цу хьолахь некъан харж хьан чутах хуьлу. Нагахькеманна билет эца хьан чот яцахь 1едало хуьна и билет оьцур ду, амма и ахча д1атакха дезаш хьуна т1ехь декхар дуьсу. И декхар ахь юха ца дерзадахь Норвеге а, Европан кхечу мехкашка а  дозанал сехьавала бакъо д1айоккху хьан.

**Нагахь ахь низам дохош зулам динехь**

Нагахь ахь низам  дохош зулам динехь (курхалла, къола, кутал, я кхечу тайпана) хьан мух1ажаран дехар дукха сихонца толлу, иштта сихонца хьо Норвегера ара а воккху. Кхузахь ахь низамца ца дог1уш х1ума дахь хьо махкара араваккха йиш ю, т1аьхьонца юха Норвегин, я кхечу дукхох болчу Европан мехкашка ван бакъо а йоцуш.

## 6. ИНТЕРВЬЮХЬ ОЬШУШ ДОЛУ КОЬРТА ХЬЕХАМШ

- Леррина терго еш хьо хьан махках х1унда ваьлла а, юхаверза стенах кхоьру а дийца.
- Ахь айхьа лайначунна а, юхавирзича хьайна хир ду аьлла хетачунна а леррина т1е тидам бахийта.
- Хьайн ма хуьллу ма-дарра дийца.
- Нагахь берийтта шарера далаза бер(аш) хьайца делахь цуьнан хьолах а, цо лайначух а лаций дийца.
- Нагахь хьо ца кхеташ х1ума делахь интервью оьцучуьнга хьуо кхетаве ала.
- Хьан дехарна тоьшалла деш кехаташ хьайгахь делахь уьш интервью яла ваг1уш схьаэца деза ахь.
- Бакъдерг бен ма дийца. Нагахь харцдерг дийцина гучувалахь хьуна дехар лур дац. Цул совнаха т1ейог1учу ханна Норвеге а дукхох болчу Европан мехкашка а чуван бакъо хир яц хьан.

**Мух1ажарш зударий**

Зударшна еш йолу г1ело божаршна ечух къаьсташ хила там бу. Иза дийца хала хила там бу, къаьсттина божаршка. Цундела хьуна лаьахь NOAS-ан белхало йолчу зудчуьнга дийца йиш ю хьайн хьолах лаьцна. Хьуо информацин кинога хьаьжначул т1аьхьа, ма-хуьллу сиха хаам бан беза ахь NOAS-е.
Цул сов, хьан бакъо ю UDI-ра интервью оьцуш верг а, талмаж а зуда еха. NOAS-ехь къамел деш иза а ала деза ахь цигахь.

**Берийтта шарера далазчу бераца хьо веанехь?**

Берийн хьал мух1ажарийн дехарш толлуш леррина ладаме лору. UDI-с хьан беран 1алашдар деха леррина баьхьана ду-дац а, цу берана шена шен хьал муха хета а толлур ду. Мух1ажаран интервьюхь цуьнан хьал ахь дийцар ладаме ду.

Ворх1 шарера даьллачу бераца шеца къамел до UDI-с. Беро шен дешнашца ша лайнарг дийцар ч1ог1а ладаме ду. Беро воккхачу стагочул ч1ог1а т1еат1къам болуш лов цхьадолу х1умнаш. Берана лаьахь бен цуьнца къамел ца до UDI-с.

## 7. МУХ1АЖАР ВОЛЧУ ХЬАН  БАКЪОНАШ А, ДЕКХАРШ А

**Хьуо мила ву вовзуьйтуш г1одан декхарийлахь ву хьо**

Норвегерчу 1едална хьо мила ву хаар ладаме ду. Цундела ладаме ду ахь хьайна тоьшалла деш долу кехаташ д1агайтар а. Нагахь хьайн махкахь хьо 1едало хьийзош велахь Норвегерчу 1едало хоьга цигара тоьшаллин

кехаташ даха бохур дац. Хьо мила ву хаарах Норвегерчу 1едалан шеконаш кхоллалахь хьуна кхерам бу:

- Хьох ца тешарна
- 1ен-ваха пурба ца даларна
- Хьан хила йиш йолу бакъонаш, йоцуш висарна
- елла 1ен -ваха бакъо к1езиг таронашц йолуш

**Бакъ информаци д1аяла декхарийлахь ву хьо**
1алашвар доьхучуьн хьолахь, хьо декхарийлахь ву айхьа 1алашвар х1унда доьху дийца. Цундела, ахь хьашт долу тоьшаллин кехаташ д1адалархьама ницкъ кхоччург дан деза. Айхьа 1алашвар дехале кхечаьргара хьайна х1уъа хезнехь а Норвегерчу 1едале айхьа дехар даран бахьана ма-дарра дийца деза ахь. Цу т1ехь харцдерг дийцар, иза низам дохош курхалла ду. Цул совнаха и баьхьана долуш хьо махках араваккха а тарло.

**Хьан 1алашваран дехар къасточу ханна болх бан бакъо ю хьан**
Нагахь хьо Дублин-барта юкъавог1уш а вацахь, ахь хьуо мила ву дуьйцуш долу тоьшаллин кехаташ д1а а деллехь кхузахь болх бан пурба эца бакъо ю хьан. И пурба эха шарана луш ду, амма цул т1аьхьа керладаккха йиш йолуш а ду.

**Лоьрийн дарбаэца бакъо ю хьан**
1алашвар дехначу хеначохь лоьрашкара хьашт долу г1о деха а, эца а бакъо ю хьан. Шийтта шарера далазчу берана лоьрийн дарба маьхза ду. Норвегехь массо а декхарийлахь ву лоьрийн дарбанна хадийна мах бала. Нагахь хьайна психологера г1о эшахь UDI-га кехат а яздина ахчанца г1оэца йиш ю хьан. Цунах дукхох хаа лаьахь хьуо волчу туьпан белхалошка хатта. Нагахь цхьа боккъал а сагаттдеш цамгар хьайца елахь иза UDI-хь д1аала деза ахь.

**Хьайн 1алашвар дехар юха схьаэца бакъо ю хьан**
Хьайна ма лиънехь хьайн дехар юха схьаэца йиш ю хьан. Делахь а IOM-организацера юха ц1а ваха г1о деха а, эца а бакъо ю хьан.

## 8. АХЬ ДИЙЦИНАРГ Г1АРАДАККХА БАКЪО ЦА ХИЛАР
Полици а, UDI а, UNE а, талмаж а, адвокат а, лоьраш а NOAS а ахь дийцинарг г1арадоккхур дац аьлла ч1аг1о йина бу. Иза хьан махкар 1едале хьан дехарах лаьцна х1уммаъ дийца церан бакъо яц бохург ду. Хьан дехарца болх беш боцчу нахе ахь дийцинчух жоп ца ло цара. Дийцинарг г1арадоккхур дац аьлла йина ч1аг1о йохор, иза та1зар дог1уш зулам лоруш ду. Цундела хьуна кхерам бац айхьа 1алашвар х1унда доьху ма-дарра дийца.

# Адресаш

### ПОЛИЦИН ИММИГРАЦИН (ЧУОЬХУЧИЙН) ДАКЪА

Полицино д1аязво дуьххара махка чувеана мух1ажар.
1ен-ваха пурба ца лахь бертахь ц1аваха ца луург полицис нуьцкъала ара а воккху.

**Почтан адрес:** Postboks 8102 Dep, NO-0032 Oslo, Norway
**Т1еваха адрес:** Christian Krohgs gate 32, 0186 Oslo
Тлф: +47 22 34 24 00, факс: +47 22 34 24 80
Электронни адрес: pu@politiet.no

### МЕХКАБОЦУЧЕРАН ДИРЕКТОРАТ (ДИРЕКТОРАТ ПО ДЕЛАМ ИНОСТРАНЦЕВ) UTLENDINGSDIREKTORATET (UDI)

Иза 1едалан цхьа дакъа ду мух1ажарийн дехарш толлуш а, доьзал вошахтохаран дехарш толлуш а, чуван бакъо (виза) луш а, мехкан вахархочуьн дарж луш а долу. Мух1ажарийн туьпаш а UDI-н жоьпаллехь ю.

**Почтан адрес:** Postboks 8108 Dep, NO-0032 Oslo, Norway
**Т1еваха адрес:** Hausmannsgt. 21, 0182 Oslo
Тлф: +47 23 35 15 00, факс: +47 23 35 15 01
Internet: www.udi.no, Электронни адрес: ots@udi.no

### ДУЬНЕНАЮКЪАРА МИГРАЦИН ОРГАНИЗАЦИ INTERNASJONAL ORGANISASJON FOR MIGRASJON (IOM)

Бертахь юхавоьдучунна хьехар а накъосталла а.

**Почтан адрес:** Postboks 8927 Youngstorget NO-0028 Oslo, Norway
**Т1еваха адрес:** Storgata 10a, 2. etg, 0155 Oslo
Тлф: +47 23 10 53 20, факс: +47 23 10 53 21
Электронни адрес: osloreturn@iom.int

Белхан хенаш: К1иранчохь: 10:00 – 15:00, Шоьта,  К1иранде-мукъа

## КХЕЧУ МАХКАХОЙН Г1УЛЛАКХАШНА КХОЬЛЛИНА ЙОЛУ КОМИССИ. UTLENDINGSNEMNDA (UNE)

Иза UDI-с хьан дехар ца делча арз яздеш кхиэлан хьукмат ду.

**Почтан адрес:** Postboks 8165 Dep., NO-0034 Oslo, Norway
**Т1еваха адрес:** Stenersgt. 1B/C, 0050 Oslo
Тлф: +47 21 08 50 00, факс: +47 21 08 50 01
Internet: www.une.no, Электронни адрес: postmottak@une.no

## НОРВЕГЕРА Ц1ЕН Ж1АР

т1ом, мохк бегор я цхьа кхин баьхьана долуш вовшех къаьстина доьзалш вошахтоха г1одеш, уьш схьалохуш накъосталла деш йолу организаци ю. Хьох лаьцна UDI-га я кхечу метте х1уммаъ ца дуьйцу Ц1ечу Ж1аро. Цо накъосталла маьхза до.

**Почтан адрес:** Postboks 1 – Grønland, NO-0133 Oslo, Norway
**Т1еваха адрес:** Hausmannsgt. 7, 0186 Oslo
Тлф: +47 22 05 40 00
Internet: www.rodekors.no, Электронни адрес: tracing@redcross.no

**NOAS/НМО** иза 1едалах йозуш йоцу адамийн бакъонаш ларъяран организаци ю. Цо мух1ажаршна г1о до ца хуург дийцарна т1ехь а, юридически хаттаршна а т1ехь

Кху брошюра т1ехь Норвеге баьхкинчу мух1ажаршна хаа оьшучух коьртаниг ду.

NOAS

**Норвегин Мух1ажаршна лерина Организаци (НМО)**
Т1еваха адрес: Torggata 22, 0183 Oslo, Norway
Почтан адрес: Postboks 8893 Youngstotget., 0028 Oslo, Norway
Тлф: +47 22 36 56 60, факс: +47 22 36 56 61
Интернет: www.noas.org, Электронни адрес: noas@noas.org